

## Reyouvri Vil New York: Lis verifikasyon pou restoran yo k ap ofri sèvis a anpòte, livrezon, ak manje anplennè

Restoran Vil New York yo (NYC) ka ap fonksyone akstyèlman la pou sèvis a anpòte ak livrezon ak chita deyò pou manje. Yon fwa NYC pase nan Twazyèm Faz NYC Forward la, restoran yo pral kapab ajoute sèvis pou moun manje anndan. Nou poko gen dat pou kilè n ap antre nan Twazyèm Faz la.

Restoran yo dwe respekte [egzijans](#) Eta New York (NYS) yo epi [afime konfòmite](#). Avan w ouvri, elabore yon [plan sekirite](#) epi kenbe l sou plas.

Restoran yo dwe respekte egzijans Kòd Sante Vil New York (NYC Health Code) la yo tou, ki gen ladan règ ki konsène fason pou moun [manje nan restoran ak chyen](#) nan lespas pou chita deyò yo. Vizite [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chache pou “Operating a Restaurant” (Jesyon yon Restoran) pou w jwenn plis enfòmasyon.

### Sonje, toujou gen transmisyon COVID-19 onivo kominote a nan NYC. Sonje byen pou w pran Kat Mezi Prensipal yo pou prevansyon kont COVID-19:

- **Rete lakay ou si ou malad:** Rete lakay ou si ou malad sof si w ap soti pou al pran swen medikal ki esansyèl ([tankou al fè tè](#)) oswa fè lòt komisyon ki esansyèl yo.
- **Distans fizik:** Kite omwen yon distans 6 pye ant ou menm ak lòt moun yo.
- **Mete yon kachnen:** Pwoteje moun ki bò kote ou yo. Ou ka kontajye san w pa sentòm epi ou ka pwopaje maladi a lè w touse, estène oswa pale. Yon kachnen ka ede redui pwopagasyon COVID-19.
- **Pratike ijyèn men ki sanitè:** Lave men w souvan avèk savon ak dlo oswa itilize dezenfektan pou men si pa gen savon ak dlo ki disponib; netwaye sifas moun manyen souvan yo regilyèman; evite manyen figi ou avèk men ou lè yo pa lave; epi kouvri figi w ak manch rad ou lè w ap touse oswa estène, pa itilize men ou.

### Avan reyouvèti

Depatman Sante Vil New York (NYC Health Department) la rekòmande pou w pran mezi sa yo avan ou reyouvri restoran w lan si l te fèmen pou asire etablisman prè pou anplwaye yo ak kliyan yo.

- Asire sèvis piblik yo ap fonksyone kòm sadwa, ki gen ladan kouran, plonbri, chofaj, vantilasyon, klimatizè, ekleraj, gaz, kapichon vantilasyon ak sistèm pou etenn dife yo.
- Maksimize sikilasyon lè deyò a pa mwayen sistèm vantilasyon an.
- Asire tout ekipman yo, ki gen ladan recho, ekipman pou kenbe cho oswa frèt, ak inite frijidè yo ap fonksyone kòm sadwa epi ou ka kenbe yo nan tanperati apwopriye yo kòm sadwa.
- Chase dlo frèt nan tout priz yo, tankou wobinè yo ak biz pilverizasyon yo. Fè menm jan pou priz dlo cho yo.

- Chase dlo ki nan tiyo yo, epi netwaye ak dezenfekte tout ekipman manje yo ki itilize plonbri, annakò ak enstriksyon fabrikan yo.
- Asire enstalasyon pou lave men yo ap fonksyone byen epi yo gen savon ak sèvyèt papye kòm sadwa.
- Byen netwaye ak dezenfekte tout espas kontak nan restoran ki pa konsène manje yo, ki gen ladan twalèt yo ak sal datant yo (gade nan ["General Guidance for Cleaning and Disinfecting for Non-Health Care Settings" \(Enstriksyon Jeneral pou Netwaye ak Dezenfekte Anviwònman ki pa Anviwònman Sante yo\)](#)).
- Netwaye ak dezenfekte tout sifas ki gen kontak ak manje yo. Tcheke etikèt pwodui yo pou asire w ka itilize dezenfektan an sou sifas ak ekipman ki an kontak ak manje yo san danje. Sonje ke pwodui yo itilize pou netwaye ak dezenfekte sifas ki gen kontak ak manje yo diferan de sila yo itilize pou sifas ki pa gen kontak ak manje yo.
- Itilize [dezenfektan ki anrejistre nan EPA a yo](#) ki efikas kont COVID-19.
- Vide rezèwva glas yo, epi lave yo, rense ak dezenfekte yo.
- Verifye tout manje ki estoke yo epi jete nenpòt pwodui ki gate kòm sadwa.
- Chache pou siy lè gen vèmin epi rezoud nenpòt pwoblèm ou wè (gade nan ["Best Practices for Pest Proofing Food Service Establishments" \(Pi Bon Pratik pou Elimine Vèmin nan Etablisman Sèvis Manje yo\)](#)).
- Rekòmanse sèvis nesèsè ki te ka sispann, tankou kontwòl vèmin, sèvis fatra ak resiklaj yo.
- Fè reparasyon ki nesèsè nan etablisman fizik yo, tankou atè yo, mi yo ak plafon yo.
- Verifye tout materyèl yo epi reyapwovizyon jan sa nesèsè.

## Rezime Egzijans Eta New York (NYS) yo ak Pi Bon Pratik yo

Sa yo se pi bon pratik obligatwa ak sila yo rekòmande nan [rezime enstriksyon](#) NYS yo. Asire w revize [enstriksyon detaye yo](#), afime konfòmite epi elabore yon [plan sekirite](#) avan w kòmanse.

### Distans fizik

#### *Obligatwa*

- Nan espas deyò yo, tout tab ki gen chèz dwe nan yon distans omwen 6 pye de lòt tab, chèz, wout oswa koridò kote kliyan oswa pyeton yo pase.
- Asire gen ase espas anndan pou akomode kliyan ki ka bezwen antre/soti pa mwayen espas anndan pou jwenn aksè nan espas pou chita deyò, twalèt (yo), oswa kote pou yo peye, epi otorize aksè/sòti sa a nan yon fason ki respekte distans sosyal.
- Fèmen espas pou chita ak manje anndan pou kliyan yo pa itilize yo.
- Anplwaye yo dwe mete kachnen toutan.
- Kliyan yo dwe mete kachnen toutan, eksepte pandan yo chita; depi kliyan gen plis ke 2 zan epi li ka tolere l medikalman.
- Limite kapasite pou chita deyò a kantite tab ka ranje kòm sadwa san danje, tankou chak tab dwe nan distans omwen 6 pye youn ak lòt.
- Nenpòt kote l pa posib pou kite distans ant tab yo, mete baryè fizik ant tab sa yo.
- Moun ki chita nan menm tab yo dwe manm yon menm gwoup (men yo ka soti nan diferan fwaye) kote dwe gen 10 moun omaksimòm nan yon tab.
- Yo otorize itilizasyon tab kominotè yo sèlman si yo ka kite distans omwen 6 pye ant gwoup yo.

- Make espas 6 pye a ye byen klè nan nenpòt kote kliyan ap kanpe nan liy pou fè kòmand, vin chache manje, oswa itilize twalèt yo, ansanm ak nenpòt lokalite a anpòte oswa peman.
- Deziyen yon antre/sòti pou kliyan yo ak antre/sòti apa pou anplwaye yo kote sa posib.
- Limite rasanbleman an pèsòn yo (pa egzanp rankont ant anplwaye yo) nan mezi maksimòm sa posib.
- Tabli espas deziyen pou vandè ranmase ak/oswa fè livrezon, limite kontak nan mezi sa posib.

#### *Pi bon pratik yo rekòmande yo*

- Asire toujou gen yon distans omwen 6 pye ant travayè yo toutan, sof si aktivite prensipal y ap fè a mande pou gen mwens distans. (pa egzanp fè manje, netwaye, netwaye tab yo).
- Entèdi plis pase yon moun alafwa itilize espas piti yo (pa egzanp frizè yo, chanm estokaj yo).
- Chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite espas travay/espas anplwaye chita pou kenbe distans 6 pye a.
- Deziyen zòn travay apa pou sèvis yo, kote sa posib. Moun k ap sèvi moun yo dwe sèvi zòn presi nan restoran pou redui kwazman.
- Asire anplwaye k ap travay nan kizin yo rete nan yon espas pandan tou peryòd travay yo (pa egzanp salad, oswa griy oswa desè) nan mezi sa posib.
- Ankouraje anplwaye k ap travay nan kizin yo mete atik yo sou kontwa pou lòt moun ka vin pran yo olye yo pase atik yo de men an men. Redui sikilasyon a pye nan toude direksyon lè w itilize tep oswa ansèy ki gen flèch nan ale, koulwa oswa espas ki etwat yo.
- Ankouraje kliyan yo ret tann nan machin yo oswa deyò jiskaske manje a prè pou yo vin pran l, oswa yo prè pou fè yo chita.
- Ankouraje kliyan yo fè kòmand yo sou entènèt oswa nan telefòn.
- Otorize kòmand, peman, livrezon ak ranmasaj san kontak, kote sa posib.
- Pèmèt kliyan yo fè kòmand manje yo avan yo rive, epi ankouraje kliyan yo fè rezèvasyon pou yo chita.
- Asire yon pwosesis youn alafwa pou vandè yo, kote yon vandè livre yon pwodui alafwa, anplwaye yo dezenfekte sifas yo manyen souvan yo epi pwochen vandè a ka vin nan espas yo.

#### **Ekipman pwoteksyon**

##### *Obligatwa*

- Bay travayè yo yon kachnen akseptab gratis pou anplwaye yo epi ba yo yon bon valè kachnen pou sizanka yo ta bezwen ranplasman. Kachnen ki akseptab yo gen ladan men pa sèlman moso twal (pa egzanp yo koud lakay yo, yo koupe byen rapid, mouchwa), mask chirijikal yo ak ekran fasyal yo.
- Netwaye, ranplase epi entèdi moun pataje kachnen yo. Konsilte enstriksyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (CDC, Centers for Disease Control and Prevention) pou w jwenn plis enfòmasyon sou ekipman pwoteksyon pèsònèl yo (PPE, personal protective equipment), ansanm ak enstriksyon pou fason pou itilize ak netwaye yo.
- Bay anplwaye yo fòmasyon sou fason pou yo mete (met), retire (wete), netwaye (jan sa aplikab) ak jete PPE yo.

- Limite pataj objè yo (pa egzanp zouti kizin yo, plim/planka pou pran nòt yo), ansanm ak manyen sifas pataje yo ( pa egzanp pwanyè pòt yo, klavye kle nimerik yo, ekran taktil yo); oswa, mande travayè yo pou yo mete gan lè y ap manyen objè pataje yo oswa sifas moun konn manyen souvan yo; oswa, mande travayè yo pou yo swiv prensip ijyèn pou men yo avan ak apre kontak.
- Asire tout anplwaye yo mete kachnen toutan epi yo pratike ijyèn pou men epi yo itilize baryè pou men san gan yo annakò ak kòd sanitè lokal ak Eta a yo.
  - Si anplwaye yo mete gan pandan aktivite preparasyon ki pa gen rapò ak manje yo, asire yo ranplase gan yo souvan, epi ankouraje yo chanje gan yo lè y ap chanje aktivite (pa egzanp kite sèvi kliyan al nan preparasyon kouvè alavans).
  - Si anplwaye yo pa mete gan, asire yo lave men yo souvan avèk savon ak dlo.
- Asire ke anplwaye k ap ranje tab yo lave men yo avèk savon ak dlo epi, si yo mete gan, ranplase gan yo avan ak apre yo netwaye ak dezenfekte tab yo.

#### *Pi bon pratik yo rekòmande yo*

- Kenbe yon bon valè kachnen, mask, ak lòt PPE obligatwa yo sou plas pou sizanka yon travayè ta bezwen yon ranplasman, oswa si yon vandè ta bezwen youn.
- Egzije kliyan yo pou yo mete kachnen lè yo pa chita a tab (pa egzanp lè y ap tann kòmand a anpòte, fè kòmand nan kontwa/fenèt, mache ale/vini sou tab, mache ale/vini nan twalèt).
- Ankouraje, men pa egzije, kliyan yo pou yo mete kachnen lè yo chita a tab epi yo p ap manje ak/oswa bwè.
- Nan kamyon restoran (food truck) yo ak konsesyon yo pa gen enstalasyon dlo k ap vide, anplwaye yo dwe mete gan oswa itilize dezenfektan pou men regilyèman epi kontinye respekte egzijans ijyèn ak manipilasyon manje yo preski onivo federal, Eta a, ak lokal yo.

### **Ijyèn ak Netwayaj**

#### *Obligatwa*

- Respekte egzijans ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon CDC ak Depatman Sante NYS (DOH) preskri yo epi kenbe yon rejis ki dokimante dat, lè ak anplè netwayaj la.
- Ofri ak mentni enstalasyon ijyèn men yo ki gen ladan yon espas pou lave men avèk savon ak dlo cho k ap vide ak sèvyèt papye jetab, ansanm ak dezenfektan pou men ki gen 60% alkòl oswa plis nan espas kote li pa posib pou moun lave men yo.
- Ofri epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl netwayaj ak dezenfeksyon pou netwaye ak dezenfekte sifas pataje yo avan ak apre yo itilize sifas sa yo, epi apreswa swiv prensip ijyèn pou men yo.
- Netwaye ak dezenfekte etablisman an regilyèman epi netwaye ak dezenfekte espas ki gen plis risk anpil moun itilize ak espas moun konn manyen anpil yo pi souvan (pa egzanp twalèt yo). Netwayaj ak dezenfeksyon yo dwe fèt nan fason trè disipline ak kontinyèl epi yo dwe fè sa omwen apre chak peryòd travay, chak jou oswa pi souvan si sa nesèsè.
- Asire yo netwaye ak dezenfekte ekipman yo regilyèman avèk dezenfektan ki anrejistre, ki gen ladan omwen chak fwa anplwaye yo chanje espas travay yo. Fè referans a pwodui Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la (DEC, Department of Environmental Conservation) ke Ajans pou Pwoteksyon Anviwònmanal la (EPA, Environmental Protection Agency) idantifye yo kòm efikas kont COVID 19.

- Fè netwaye ak dezenfekte espas kontak yo nan ka kote yo konfime yon moun gen COVID-19, kote netwayaj ak dezenfeksyon sa a ap gen ladan, ominimòm, tout espas moun pase souvan yo ak sifas moun manyen souvan yo.
- Avan w retounen nan travay, ranpli fòmilè verifikasyon avan w tounen ak evalyasyon sistèm kizin lan yo pou asire yon anviwònman ki an sante ak san danje.
- Entèdi moun itilize aparèy (pa egzanp entèfòn) pou fè kliyan yo konnen ke yon espas pou yo chita oswa yon kòmmand prè, sof si yo byen netwatye ak dezenfekte aparèy sa yo nèt apre chak fwa yo fin itilize yo.
- Pou repa a anpòte/livrezon:
  - Ofri espas pou kliyan k ap tann manje ak/oswa bwason yo netwaye men yo.
  - Asire anplwaye yo lave men yo avèk savon ak dlo oswa itilize dezenfektan pou men; si anplwaye yo itilize gan, yo ranplase yo regilyèman.
  - Si moun ap vin pran/livre anndan, asire fenèt/pòt yo ouvè pou pèmèt vantilasyon.
- Asire tout kondiman yo bay kliyan yo nan veso jetabyo ka itilize yon sèl fwa oswa veso reyitilizab ke yon netwaye/dezenfekte regilyèman.
- Si yo itilize meni ki pa jetab yo, netwaye ak dezenfekte meni yo apre chak gwoup ki fin itilize yo.
- Itilize kouvè ki deja nan anbalaj oswa kouvè yo prepare alavans. Yo dwe prepare kouvè pandan yo mete kachnen (mask) ak gan.

#### *Pi bon pratik yo rekòmande yo*

- Nenpòt kote sa posib, ogmante vantilasyon lè deyò a (pa egzanp ouvri fenèt yo ak pòt yo) pandan w ap kontinye pran prekosyon sekirite yo.
- Dekouraje anplwaye k ap prepare manje yo chanje/antre nan espas travay yon lòt pandan peryòd travay yo, sof si yo te netwaye/dezenfekte kòm sadwa.
- Ofri kliyan yo yon meni an papye jetab yo ka itilize yon sèl fwa ak/oswa afiche meni an sou yon tablo blan/ekri ak lakrè/televizyon/pwojektè.
- Ankouraje kliyan yo gade meni yo sou entènèt (pa egzanp nan pwòp telefòn entèkijan yo oswa aparèy elektwonik yo), kote sa posib.
- Mete dezenfektan pou men disponib toupatou nan espas moun manyen souvan yo (pa egzanp nan twalèt deyò yo), epi mete l yon kote pratik, tankou nan antre yo, sòti yo, ak bò kès yo. Enstale distribitè dezenfektan pou men moun pa bezwen manyen, kote sa posib.

### **Kominikasyon**

#### *Obligatwa*

- Afime ke ou te revize ak konprann enstriksyon Eta a preskri pou endistri w la epi ou pral aplike yo.
- Poste ansèy pou raple anplwaye yo ak kliyan yo pou yo swiv prensip ijyèn pou men yo kòm sadwa, swiv règ distans sosyal yo, itilize PPE yo epi swiv pwotokòl pou netwayaj ak dezenfeksyon yo kòm sadwa.
- Avize depatman sante lokal la ak Eta a touswit si yon travayè te an kontak pwòch ak lòt moun epi li teste pozitif pou COVID-19.

- Kowopere ak efò rechèch kontak yo, ki gen ladan fè konnen kontak potansyèl ki gen nan anviwònman travay la, pandan w ap respekte konfidansyalite lwa ak règleman federal ak Eta a preskri yo.
- Poste plan sekirite yo fè pou sit la yo kote moun ka wè yo byen klè.

*Pi bon pratik yo rekòmande yo*

- Itilize anons odyo, mesaj tèks ak avi sou ekran yo pou kominike ak kliyan k ap tann yon kòmand/chèz pou yo chita.
- Tabli yon plan kominikasyon pou anplwaye yo, vandè yo ak kliyan yo ki gen ladan yon mwayen koyeran pou bay enfòmasyon ajou.

**Depistaj**

*Obligatwa*

- Anplwaye ki malad yo dwe rete lakay yo oswa retounen lakay yo, si yo ta vin malad pandan yo nan travay.
- Aplike pratik depistaj sante chak jou obligatwa yo pou anplwaye yo, epi kote sa aplikab, pou vandè yo, men depistaj sa yo pa dwe obligatwa pou kliyan yo ak moun k ap fè livrezon yo (pa egzanp kesyonè, tcheke tanperati) pou anplwaye yo, epi poze yo kesyon sou (1) sentòm COVID-19 pandan 14 ki sot pase la yo, (2) tès pozitif pou COVID-19 pandan 14 ki sot pase la yo, ak/oswa (3) kontak pwòch ak yon moun yo konfime oswa yo sispèk ki gen COVID 19 padan 14 jou ki sot pase la yo.
- Fè referans a enstriksyon NYS DOH preskri konsènan pwotokòl ak politik pou anplwaye k ap chache retounen nan travay apre yo te sispèk oswa konfime yon ka COVID-19 oswa apre anplwaye a te gen kontak pwòch oswa te tou pre yon moun ki gen COVID-19.
- Etablisman pa ka egzije pou kliyan yo ranpli yon depistaj oswa bay enfòmasyon kontak yo.
- Moun anplwayè a bay fòmasyon pou fè depistaj yo dwe konnen pwotokòl CDC, NYS DOH ak Administrasyon Sante ak Sekirite Okipasyonèl (OSHA, Occupational Safety and Health Administration) yo epi yo dwe mete PPE apwopriye, ki gen ladan yon kachnen ominimòm.
- Idantifye yon pwen kontak kòm moun pou travayè yo enfòmè si, pita, yo ta vin gen sentòm ki lye ak COVID-19 yo, jan yo note nan kesyonè a.

*Pi bon pratik yo rekòmande yo*

- Anpeche anplwaye yo mele ansanm, gen kontak pwòch oswa tou pre youn ak lòt avan yon fin fè depistaj la nèt (pa egzanp fè depistaj a distans).
- Yo ka tcheke tanperati yo chak jou annakò ak direktiv Komisyon pou Opòtinite Anplwa Egal Ego (EEOC, Equal Employment Opportunity Commission) oswa direktiv NYS DOH yo.
- Kenbe yon rejis pou chak moun, ki gen ladan travayè ak vandè yo, ki ka gen kontak pwòch oswa tou pre lòt moun nan lokalite oswa espas travay la, pou yo ka idantifye, chache ak avize tout kontak yo sizanka yo ta dyagnostike yon travayè ki gen COVID-19; eksepte kliyan yo ak livrezon yo te fè ak PPE apwopriye oswa pa mwayen ki pa te gen kontak.
- Bay yon opsyon pou kliyan yo bay enfòmasyon kontak pou yo ka mete yo nan rejis la epi kontakte yo pou rechèch kontak.

**Depatman Sante Vil New York la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.**

6.21.20